ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№41 (21.949) ● 2011 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 11, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Мылъкумрэ налогхэм я хэкІыпІэхэмрэ яубзыху

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен муниципальнэ районымрэ къэзэдэхэм я администрацхэм я Іэтащхьэхэм я зи чэзу зІущІэр дыгъуасэ пригъэкІуэкІащ.

УЗЫНШАГЪЭР хьумэнымкІэ министр **Амщокъуэ ФатІимат** и унафэм щІэт ІэнатІэхэр 2011 - 2012 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщрагъэфІэкІуэнум и программэ хэхам и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм къызэхуэсахэр хигъэгъуэза ящэжь, финансхэмкІэ ящыІэ **Бышэн Аэрт** зэхьыхьэм щызэпкърихащ ильэсым щыщу блэкІа мазитІым республикэ, щІыпІэ бюджетхэр гъэзэщІа зэрыхъуар. Абы къызэригъэлъэгъуамкІэ, зи гугъу тщІы зэманым кърифыбдзу налогхэмрэ нэгъэущу кьыхахxэмкІэ хэхъуэр процент 82,7-кІэ ягъэзэщІащ. Налог хэхъуэхэмкІэ зытращІыхьахэр процентэ 105,6-кІэ, щІыхьэм кьалэкІым техьэхэмкІэ процентэ 100-кІэ зрагъэхьуда Іащ.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, фадэхэкІэхэм кьапэкІуэу сом мелуан 36-рэ, щІыдагъэхэкІэхэм я акцихэмкІэ мелуани 162-рэ кьытІэрымыхьэу кэнащ. Налогхэм щымыщ хэхъуэхэр сом мелуан 21-м тедухуати, абы нэхьрэ хуэдитІкІэ нэхъыбэ бюджетым халъхьащ, - жиІащ Бышэн Аэрт.

Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ министр **Мусуков Аслан** Къэбэрдей-Балъкъэрым и инвестицэ проект пэрытхэм зэпкърыхауэ кьытеувыІащ, республикэм и Іэтащхьэмрэ кьызэхэсахэмрэ я упщІэхэм жэуап яритащ.

ЗэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ **Чечеков Ануар,** Правительствэм и Іэтащхьэ**Меркулов Александр,** абы и къуэдзэхэу **Абрэдж Іэдиб, Уэнаев Казым, Гертер Иван,** Президентым и Администрацэм и УнафэщІ **Жамборэ Владимир,** Къэбэрдей-БалъкъэрымкІэ федеральнэ инспекторэ нэхъыщхьэ **Вербицкий Алексей,** къэрал комитетхэм я нэхъыжьхэр, ирагъэблагъэ къулыкъущІэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

ХабзэфІыр кърагъэжьэжыну я мурадщ

КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и зэІущІэм Правительствэм щыхухаха зэманым хиубыдэу депутатхэр едэІуащ республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр ЩЫхьэгъэпсо Сэфарбийрэ КЪБР-м егъэджэныгъэмкІэ и ІэнатІэр лэжьакІуэхэмкІэ къызэрагъэпэщым теухуауэ жиІам.

ИУЖЬРЕЙ илъэсхэм мы ІэнатІэм зэхьуэжьныгъэшхуэхэр щокІуэкІ. Сабийхэр зэрырагъаджэ Іэмэпсымэхэр, тхьилъхэр кьагъэщІэрэщІэж. Гулыпітэ хэха хуащІ школакІуэхэм я жэрдэмкІэ къэзыІэт иджырей технологиехэр кьэгъэсэбэпыным, дэтхэнэ зы сабийми езым бгъэдэль зэфІэкІхэм зегъэужьыным. Ауэ егъэджэныгъэр кьызэрыІэрагъэпэщ щІыкІэр иджырэ льэщІыхьэркъым мы ІэнатІэм псынщІэу зэрызихъуэжым. Иджырей школым щызэфІэгъэжьын хуейхэм нэгъэсауэ тещІыхьакъым егъэджакІуэхэр зэрагъэжьэзырыр.

КЪБР-м егъэджэныгъэмкІэ и ІэнатІэм щылажьэ цыху 11560-м ящыщу 8368-р егъэджакІуэщ. Министрым зэрыжиІамкІэ, гугъуехьхэм ящыщ зыщ щІалэгъуэгъэр школхэм тыншу зэрымыкІуэр. Иджыпсту курыт еджапІэхэм я егъэджакІуэу 1477-р (егъэджакІуэ псоми я процент 17,7-р) пенсэ ныбжьым ятщ. Зи ныбжьыр илъэс 30-м щІимыгъуаэхэр процент 13,4-рэ, пенсэ кІуэгъуэм нэблагъаэр (илъэс 20-м щІигъуаэу лажьэхэр) процент 44,3-рэ мэхъу. Апхуэдэу щыт пэтми, Іэщ Іагъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ егъэджакІуэу дыдэхэр гъэ еджэгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къэзыуха цыху 1311-м ящыщу лэжьапІэ кьащтар Іэщ ІагъэлІ ныбжьыщІэу 144-рэщ, абыхэм ящыщу псэупІэкІэ цыху 15 къызэрагъэпэщауэ араща.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Къарууэ яІэр яхурикъунщ, ар тэмэму къэгъэсэбэпын хуейуэ аращ

● ЗэІущІэхэр



Урысей Федерацэм къэрал кІэущ ІуэхухэмкІэ и министр Нургалиев Рашид ГъатхэпІэм и 5-м Налшык къалэм щригъэкІуэкІащ КЪБР-м щыІэ МВД-м и унафэщІхэр зыхэта зэІущІэ.

ЖУРНАЛИСТХЭР абы зэрыщІэсар къэралым и МВД-м и Іэтащхьэр ди республикэм иужьрей зэманым щызэтеува щытыкІэр къызэрыщыІэхьум тепсэлъыхьыхьащ. «Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыпсту хъарзынэу зеужь, социально-экономикэ зэхъуэкІыныгъэ тэмэмкэ щокІуэкІ, туризмымкІэ кластерыр щІэгъэхуэбжьауэ зэтеувыІауэ, цыхуэхэм я зэхэщІыкІым зеужь, - жиІащ министрым, - абы къыхэкІыу щІэпхьаджащІэхэр дзэвГыгъэхэр, абыхэм ахъшэкІэ ядэІэпыкъуэхэр нэрылъагъуу мащІэ хъуащ. Аращ бандэ гупхэр хьиймикІауэ щыхуэхэм щІатеуэри, абыхэм ахъшэ къытрахыну щыхуещІэкъыр. Апхуэдэ щытыкІэр нэхъ наІуэу щыбоЛъагъу Іуащхьамахуэ, Бахъсэн, Щэджэм районхэм, Налшык къалэм. Иужьрей зэманым зэхащІыхьа щІэпхьаджагъэхэм я гущІэгъэнущагъэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэмрэ зэщІыгъуу иужь зэманым ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэхэм я ФІыгъэкІэ, экстремистхэм зэхащІыкьхэр нэхъ мащІэ хъуащ. Хабзэхьумэ Іэнатім пэрытхэм яхуэзэфІэкІащ террористхэм я ебгъэрыкІуэныгъэр къызэтрегъэувыІэн. Арыншамэ республикэм щекІэкІынкІэ хъунур нэгум къыщІэгъэхьэгъуейт, мыбы щІэпхьаджагъэм ебэныныжмкІэ нэгъуэщІ Іэмалхэр къыщыгъэсэбэпын хуей хьункІэ хъунт».

Министрым къызэхуэсахэм ягу къиГжьажащ Урысыйм и МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и подразделенэхэм щыщхэр, подразделенэ хэхахэр Ставрополь краймрэ Къэрэшей-Щэрджэсымрэ кьрашу щышылэм республикэм пІалъэкІэ къызэрашар. Абыхэм ящІыгъуу Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуащ округым щыІэ Управленэ нэхъыщхьэм и оперативнэ лэжьакІуэ гуп. Нургалиев Рашид къыхигъэщащ лэжьыгъэ нэхъ гущІэгъэр егъэкІуэкІыным къэрал кІуэцІ дзэхэм я щІыналъэ унафэщІхэр зэрыхэтынр.

Министрым къыгъэлъэгъуащ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм и яп лъэхъэнэм кърикІуэхэр: «Къару зэщІэгъэуІуар къагъэсэбэпурэ, боевикыу тху яуІащ, хабзэм къыкІэзэгъыу Іэщ Іэкі Іэ зыузэда гупхэм яхэтхэм ящыщу пщыкІух яубыдащ, абыхэм я тІысыпІэу щы, террорист щІэпхьаджагъэхэр ирагъэкІуэкІын папщІэ къагъэсэбэп Іэщэфащэхэр щахьумэ щІыпІэу блы къагъуэтащ. Террористхэм зэхащІыкьхэр зыгъэмэщІа а Іуэхуэхэм къадзкІуэу, мы лэжьыгъэм хэтхэм гулъытэ хэха хуащІ щІэпхьаджагъэхэр къэмыгъэхьэным. Дэ лагъым Іэрыщу блы къэдгъэутри, ахэр къэдмыгъауэу кьыщІэтхащ. Иджыпсту жьипІэ хъунущ иужьрей зэманым террористхэм зэхащІыкьа щІэпхьаджагъэ нэхъ инхэр зэрызэхагъэКІынур, къуаншагъэ зыбгъэдэлъхэри жэуапым зэрырашэлІэнур».

Адэжь республикэм щыІэ МВД-м и унафэщІхэр пресэм и лыкІуэхэр хэмыту тепсэлъыхьащ ди щІыналъэм щыІэ щытыкІэр гъэтэмэмыжьымкІэ зэфІагъэкІынухэм. Абы пыщІа Іуэхуэхэр Террорым пэщІэтынымкІэ льэпкъ комитетым иубыдуа унафэхэм тету зохалъхьащ икІи ахэр гъэзэщІэным зыхуагъэхьэзыру щІадзащ гъатхэпэм и 1-м щегъэжьауэ.

БАЛЪКЪЭР Расим.

● Ди гурыт еджапІэхэм

Проектым йолэжь

АДЫГЕЙ. ***«Кавказ къухьэпІэ» дунейпсо щыхуэпсыщІэныкІэ и мэхъэр зэтебгъэкІуэу климатыр хъумэн» урысей-герман проектым и яп Іыхьэр Адыгейм пхыгъэКІын щыщІадзащ.***

АБЫ и мурад нэхъыщхьэр бгыщхьэ мэзыльэ иныр хъумэныщ, ахэр тэмэму къагъэсэбэпыныр къызэгъэпэщІныщ. ЗэщІагъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, Сочэ щекІуэкІыну Олимп Джэгуэхэм зыщыхуагъэхьэзыркІэ зэранагъэ къэзышэн зэхьуэкІыныгъэхэр климатым емыгъэгъуэтыныщ.

Ныкъуасанигъэхэр ягъэзэкІуэж

Соціальнэ мыхьэнэ зиІэ ІэнатІэхэр Мейкъуапэ къыщащытащ. Абы къыщыщІагъэщ ныкъусанигъэхэр зэрагъэзэкІуэжьым республикэм и Іэтащхьэ ТхьэгъэкІуэшнэ Асльэнджерий щыгъуазэ ящІащ автовокзалхэмрэ гъэшІ гъэзэуэ станцхэмрэ я унафэщІхэм.

«АВТОВОКЗАЛХЭМРЭ пассажир автостанцхэмрэ я зэгухьэныгъэ» ОАО-м и унафэщІ Къатбамбэт Исмэхьил кьызэрыхигъэщамкІэ, Адыгейм и кьалащхьэм и автовокзалэм террор щынагъэуэщІагъэр кьыщІэзэпэщІыныжмкІэ Іуэхугуэхэр зэфІагъэкІащ. Псалъэм папщІэ, билетхэр автоматизированнэу ящэ, автовокзалым и пэщхэм, абы къегъэщІыла щІыналъэм зэрыкІэлъыпІэ камерэхэр яГъэуващ. Президентым кьыхигъэщащ, а Іэнатім зыхуэІэнэ техникэ ІэмэпсымэхэмкІэ къызэгъэпэщыным мылъку зэрыхуэхьыпхьэр.

Гъущі гъэгухэр зэфІагъэувэж

АБХЪАЗ ***Экономикэмкі э министрым и къуэдзэ Озган Кристинэ зэрыжиІэмкІэ, Абхъазым и гъущІ гъэгухэр зэфІэгъэувэжьым жыджэрэу йолэжь.***

АБЫ ТЕУХУА проектым хиубыдэу промышленнэ ІэнатІэхэм екІуалІэ гъуэгухэр яухэнущ. Автовокзалхэр зэгъэпэщыжьым къэралым и мылъку текІуэдэнущ. Апхуэдэуи а Іухэгъэгъэхэр пхыгъэКІыным щхьэзакъуэ компаниехэр кьыхьхьэну Сыхьэм щогуф.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Мылъкумрэ налогхэм я хэкІыпІэхэмрэ яубзыху

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен муниципальнэ районымрэ къэзэдэхэм я администрацхэм я Іэтащхьэхэм я зи чэзу зІущІэр дыгъуасэ пригъэкІуэкІащ.

УЗЫНШАГЪЭР хьумэнымкІэ министр **Амщокъуэ ФатІимат** и унафэм щІэт ІэнатІэхэр 2011 - 2012 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщрагъэфІэкІуэнум и программэ хэхам и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм къызэхуэсахэр хигъэгъуэза ящэжь, финансхэмкІэ ящыІэ **Бышэн Аэрт** зэхьыхьэм щызэпкърихащ ильэсым щыщу блэкІа мазитІым республикэ, щІыпІэ бюджетхэр гъэзэщІа зэрыхъуар. Абы къызэригъэлъэгъуамкІэ, зи гугъу тщІы зэманым кьрифыбдзу налогхэмрэ нэгъэущу кьыхахxэмкІэ хэхъуэр процент 82,7-кІэ ягъэзэщІащ. Налог хэхъуэхэмкІэ зытращІыхьахэр процентэ 105,6-кІэ, щІыхьэм кьалэкІым техьэхэмкІэ процентэ 100-кІэ зрагъэхьуда Іащ.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, фадэхэкІэхэм кьапэкІуэу сом мелуан 36-рэ, щІыдагъэхэкІэхэм я акцихэмкІэ мелуани 162-рэ кьытІэрымыхьэу кэнащ. Налогхэм щымыщ хэхъуэхэр сом мелуан 21-м тедухуати, абы нэхьрэ хуэдитІкІэ нэхъыбэ бюджетым халъхьащ, - жиІащ Бышэн Аэрт.

Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ министр **Мусуков Аслан** Къэбэрдей-Балъкъэрым и инвестицэ проект пэрытхэм зэпкърыхауэ кьытеувыІащ, республикэм и Іэтащхьэмрэ кьызэхэсахэмрэ я упщІэхэм жэуап яритащ.

ЗэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ **Чечеков Ануар,** Правительствэм и Іэтащхьэ**Меркулов Александр,** абы и къуэдзэхэу **Абрэдж Іэдиб, Уэнаев Казым, Гертер Иван,** Президентым и Администрацэм и УнафэщІ **Жамборэ Владимир,** Къэбэрдей-БалъкъэрымкІэ федеральнэ инспекторэ нэхъыщхьэ **Вербицкий Алексей,** къэрал комитетхэм я нэхъыжьхэр, ирагъэблагъэ къулыкъущІэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

ХабзэфІыр кърагъэжьэжыну я мурадщ

КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и зэІущІэм Правительствэм щыхухаха зэманым хиубыдэу депутатхэр едэІуащ республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр ЩЫхьэгъэпсо Сэфарбийрэ КЪБР-м егъэджэныгъэмкІэ и ІэнатІэр лэжьакІуэхэмкІэ къызэрагъэпэщым теухуауэ жиІам.

ИУЖЬРЕЙ илъэсхэм мы ІэнатІэм зэхьуэжьныгъэшхуэхэр щокІуэкІ. Сабийхэр зэрырагъаджэ Іэмэпсымэхэр, тхьилъхэр кьагъэщІэрэщІэж. Гулыпітэ хэха хуащІ школакІуэхэм я жэрдэмкІэ кьэзыІэт иджырей технологиехэр кьэгъэсэбэпыным, дэтхэнэ зы сабийми езым бгъэдэль зэфІэкІхэм зегъэужьыным. Ауэ егъэджэныгъэр кьызэрыІэрагъэпэщ щІыкІэр иджырэ льэщІыхьэркъым мы ІэнатІэм псынщІэу зэрызихъуэжым. Иджырей школым щызэфІэгъэжьын хуейхэм нэгъэсауэ тещІыхьакъым егъэджакІуэхэр зэрагъэжьэзырыр.

КЪБР-м егъэджэныгъэмкІэ и ІэнатІэм щылажьэ цыху 11560-м ящыщу 8368-р егъэджакІуэщ. Министрым зэрыжиІамкІэ, гугъуехьхэм ящыщ зыщ щІалэгъуэгъэр школхэм тыншу зэрымыкІуэр. Иджыпсту курыт еджапІэхэм я егъэджакІуэу 1477-р (егъэджакІуэ псоми я процент 17,7-р) пенсэ ныбжьым ятщ. Зи ныбжьыр илъэс 30-м щІимыгъуаэхэр процент 13,4-рэ, пенсэ кІуэгъуэм нэблагъаэр (илъэс 20-м щІигъуаэу лажьэхэр) процент 44,3-рэ мэхъу. Апхуэдэу щыт пэтми, Іэщ Іагъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ егъэджакІуэу дыдэхэр гъэ еджэгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къэзыуха цыху 1311-м ящыщу лэжьапІэ кьащтар Іэщ ІагъэлІ ныбжьыщІэу 144-рэщ, абыхэм ящыщу псэупІэкІэ цыху 15 къызэрагъэпэщауэ араща.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● Прохладнэ къалэ

ТхакІуэхэр ирагъэблагъэ

Прохладнэ дэт Бизнес-инкубаторым нобэ щыІэхэуэщущІыныгъэ щызэрагъэхъуэ Іуэхущ Іапі эхэр къалэм дэтым щеджэхэмрэ республикэм и тхакІуэ, усакІуэ щІэрыІуэхэмрэ.

«ДЫЩЭ КЪАЛЭМЫПЭ» творческэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ, тхакІуэ, журналист Крушельницкий Валерий и жэрдэмкІэ къызэрагъэпэща зэхьыхьэм хэтынущ КЪБР-м и ТхакІуэхэмрэ Журналистхэмрэ я зэгухьэныгъэхэм я тхьмадхэу Къэуфф Хьэмитрэ Мэзыхъэ Борисрэ, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ Тхьэзэплъ Хьэсэн, республикэм и творческэ интеллигенцэм щыщхэр.

ЕджапІэхэм щащІ газетхэм елэжьхэм, абыхэм я унафэщІхэм, усакІуэ, тхакІуэ ныбжьыщІэхэм, художественнэ тхыгъэм дихьэххэм Іэмал яГъуэтынущ тхакІуэ нэхъыжьхэм епсэльэну, нэхъ зыгъэпейтей ІуэхугуэхэмкІэ ячэнджэщыну.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

● Фэеплтъ

Сурэтыр **ЕлЪКЪЭН Артур** *трихащ.*

Залымыгъэм текІуэдахэр ягу къагъэкІыж

Балъкъэр лъэпкъым щыщу политикэ залымыгъэм и лъэхъэнэм хэкІуэдахэм я фэеплъу Налшык къалэм дэтым дзэ уз гъэгъахэр щагъэтІыльащ.

АБЫ ХЭТАЩ КЪБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ **Чечеков Ануар,** республикэм и Правительствэм и Унафэщі **Меркулов Александр,** Парламентым и депутатхэр, Правительствэм хэтхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лыкІуэхэр, кьалэдэсхэр. Къызэхуэсахэр зы дакъикъэкІэ яхуэщІыгъуащ власт лей зыкІэтъыІэзэрихьахэм ящыщу Мемориалым и лэжьакІуэхэм къызэхуэсахэр щыгъуазэ ящІащ балъкъэр лъэпкъыр я щІыналъэм щрахуа лъэхъэнэм зэрыпсэуам, абыхэм я адэжь хэкум къызэрагъэзэжьам теухуа экспозицэм.

Музейм и фондым нужьрей зэманым хьэпщыпІ зэмылІэужьыгъуэ куэд кьыхэхъуащ. Мемориалыр емызэшыжу толажьэ балъкъэр лъэпкъым, Кавказ Ищхьэрэм щыщ нэгъэущ лъэпкъхэм я тхыдэм пыщІа зэманым гугъуэ теухуа хьыбархэр зэхуэхьэсыным, фондыр къэтэущІэрэщІэжьыным.

БЕЙ Ириндж.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Ди газетым гъатхэпэм и 30 щІондэ Іэ тевдзэмэ, ар ныфІэрыхьэнущ мэлыжьыхьым и 1-м щыщІэдзауэ.

Мазищым ди газетым и уасэщ сом 178-рэ кІэнІейкІи 5-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ Іапі э псоми.

Ди индексыр 51531

● Зэхьэзэхуэ

Ди Хэкур зыщ

КЪБР-мЖыгъэгъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныгъэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкі э и министерствэм кьызэриГъэпэщащ республикэм и хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я зэхьэзэхуэ. Абы кьыщагъэльэГъэну тхыгъэхэр теухуауэ щытын хуейщ хамэщІ кьяІыкІу льэхэм къэзыгъэзэжьа ди льэпкъэгъухэм, аращ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъащІэм зэрыхэзэгъа щыкІэм. «Ди Хэку: Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэныбжьэгъугъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ я республикщ» - араща зэхьэзэхуэм и фІэщыгъэщІэр.

А зэпеуэм хэтыну хуитыр журналистхэм я закъуэкым, атІэ, дэтхэнэми тхыгъэ игъэхьэзыру республикэм и телевидеехэм, радиохэм, газетхэм, журналхэм ихь хъунущ.

Зэхьэзэхуэм пыщІа Іуэхуэхэр кьыщыгъэльэГъащ 2009 гъэм накьыгъэм и 19-м КЪБР-м и Правительствэм кьыщта Мафэм, хамэщІ кьикІыжу кьэзыгъэзэж ди хэкуэгъуэхэм теухуам. Зэпеуэм и кьалэнщ журналистхэм, кьэрал властым и Іуэхущ Іапі эхэм, жылагъуэм я кьаруэ зэуІу щыныр, хамэщІ кьыІэпхьыкІыжьхэм гуапэу яхущытыр, ядэІэпыкъуныр хабзэ тхуэхъунщ.

Дауи, зэхьэзэхуэм нэхьыбэу хэтынущ журналистхэмрэ редакцІэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэщ. Абы кьыщыбгъэльэГъуэ хьуунущ газетхэм, журналхэм кьытехуа тхыгъэхэр, телерадио нэтынхэр. Зэпеуэр ягуэшынущ Іыхьэ зыбжанэу: теленэтын нэхьыфІэхэр, радионэтын нэхьыфІэхэр, зэгухьэныгъэ нэхьыфІэхэр зэпэщхьэхуэу кьыхахьынущ. Аэр псори кьытрадзауэ е эфирым кьыщатауэ щытын хуейщ мы гъэм гъатхэпэм и 10-м щыщІадзауэ жэпуэгъуэм и 10 хьуэу. Тхыгъэр зытета газетхэр, журналхэр, эфирым кьыщата нэтынхэр зытетха электрон Іэмэпсымэхэр комиссэм Іэрыгъэхьауэ щегъэтхын хуейщ мы хэщІапІэмкІэ: Налшык, Ленинм и уэрам, 57, КЪБР-м Жыгъэгъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкі э и министерствэ.

Зэхьэзэхуэм щытекІуэхэр наІуэ кьащІынущ 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 25 щІондэ.

ГЪУЩІО Зариф.



КІэльыпльынущ

НАТО-м и генералыр секретарь Андерс Фог Расмуссен зэрыжиІамкІэ, Хькурыт щІыналъэм кхъухьхэмрэ кхъухьльатэхэмрэ зэрыщызекІуэщ щыкІэм ихъ ткІийуэ икІи ихъ зыгубгъауэ кІэльыпльу я зэгухьэныгъэм щІидзащ. Иджы а щыналъэм жэщи мазхуэ щылажьэнущ НАТО-м и AWACS кхъухьльатэ радархэр.

Фигу къэдгъэкІыжьинщи, Африкэ Ищхьэрэм и щыналъэ псоми зэуэ щІыхуэхэм зыкъыщаІэтащ. Къэрал унафэщІхэр щытрадзащ Тунисымрэ Египетымрэ. Пэкіуэр щокІуэкІ Алжиром, Мароккэм, Иорданым. Уэрамхэм ІэщІэрыбанэм Іуэхур щыхуэкІуащ Йеменымрэ Бахърейнымрэ. Лиивем граждан Іуэ къыщыхьэщ - цыху мини 6-м нэс хэкІуэдащ тхьэмахуэ зыбжанэм кІэрыубдэу.

Ливиер зэрыт щытыкІэм хэпльащ дыгъуасэ Брюссель щызэІущІа, НАТО-м хэт къэрал 28-м зыхъумэжьыныгъэмкІэ я министрэр. Абыхэм унафэ я къащтащ Хыкурыт тенджызым кхъухьхэр зэрыщызекІуэм кІэльыпльыпхъэу, наркотик, Іэщ хабзэм ыкьмызэгъыу ямыгъэІэпхъуэн, щІэпхьаджагъэ ямыгъэхьэзырын папщІэ.

Дипломатхэм кьагурыІуакъым

1993 гъэ лъандэрэ ВТО-м (Дунейпсо Сату Зэгухьэныгъэм) хьыхьыу ящІ ит Урысейм нобэ зэран кьыхуэхьур Курржым и хьакІуэм. Ауэ Іуэхум тепсэлъыхьын папщІэ, къэралитІым я лыкІуэхэр вэсэмагъэ щыІэнущ ІащІ Швейцарием и Берн къалэм. ЗэІущІэм хэтащ дипломатхэмрэ экономистхэмрэ.

2008 гъэм Курржыр кьыхэкІат Урысейр ВТО-м хьыхьным теухуа зэпсэлъэныгъэхэм, Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ экономикэ санкцІэхэр зэрыщІэхьэщІхар имыдэу. Урысеймрэ Курржымрэ дипломат зэхущытыкІхэр зэхуаГэкъым, - 2008 гъэм Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ къэрал щхьэхуиту Урысейм кьилъыта ноужь, ахэр Курржым щхьэзыпэудащ.

Урысейр ВТО-м хьыхьэн папщІэ, зэІущІэм Курржым кьыщыхьилъхьащ Абхъазымрэ Осетие Ипщэрэ я къэрал гъунапкъэхэр Евросоюзым и таможням Іэщ Іилъхьапхъэу. Дауи, Урысейм и лыкІуэхэм ар ядакъым, ахэр къэрал щхьэхуиту зэрыщытым кьыхэкІыу, я Іуэрапхъэ Іуэхуэхэм текуэдауэ езы осетинхэмрэ абхъазхэмрэ епсэлъэну Курржым и лыкІуэхэм чэнджэщ иратащ.

- Курржыр зыхуэфІ щыгъуазэ зытщІыпхъэщ, ауэ абыхэм кьагъэув Іуэхугъуэхэри губгъагъэм кьымытІасэу хъунукъым, - жаІэ зэІущІэм хэта урысей дипломатхэм.

ЩІыр щыхьеящ

«Синьхуа» хьыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі эм кьызэритымкІэ, дыгъуасэ Китаймрэ Юнынымрэ щІыпІэм щІыр щыхьеящ - я нэхъ мащІэрауэ щІыхуэ 13 хэкІуэдащ, 121-м фэбжь хахащ. ЩІыхьейм и льэщагъыр Рихтер и пщалъэмкІэ баллэ 5,8-рэ хъурт.

Ар Инцэян къыщежьащ километри 10 и куагъэщ. ЩІыпІэ властым къызэритымкІэ, абы унэхэр зэтрикьутащ. Псом хэмыдэу щІыхуэ куэд щыхэкІудар зи блынхэр щІэхуІуриинкІа тыкуэнырщ.

Насыпыншагъэр къыщІихьуа щІыпІэм къегъэлажьэ щолажьэ. ФІэщ щыгъуейщ абыхэм щІэх яхуэщІэну хэкІуэда щІыхуэхэм я бжыгъэр зыхуэдизыр.

НОБЭ

◆ **Терроризмым ІэщІэкІуэдахэм я фэеплъ махуэу Европэм щагъэуващ.**

◆ **Наркоконтролым и лэжьакІуэм и махуэщ**

◆1990 гъэм Литва Республикэм и щхьэхуитыныгъэр зэфІагъэувэжащ.

◆1991 гъэм «Ленин гъэуэгу» газетыр «Адыгэ псалъэ», «Коммунизмгэ жолыр» «Заману» зэрахъуэжащ.

Дунейм и щытыкІэнур: «meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкІэ, нобэ Налшык пшэ телъынущ, пІалъэ-пІалъэкІэ уэс кьесынущ. Махуэм хуабэу градуси 2, жэщым щыІэу градуси 2 щыІэнущ.

ПІалъэтэр зыхьхьэзыр **ГЪУЩІОЗарифи.**

Лъэпкъ Іуэщитъ:

ІэщІагъэ зиІэм и Іэпэ дыщэ къыпощ.

(Кlэуахыр. Пэщlэдзэр 1-нэ нап.).

Егъэджакlуэм щыхуэхэм я деж щиlэ пщlэр къаlэтын, нэхъ зэфlэкl зыбгъэдэльэ педаг огъэр къыхагъэщхьэ хуки бын, егъэджакlуэ нэхъыфlхэм я гъэжьакlэм псори щы гъуазэ ящыкн папщlэ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэщlэныгъэмкlэ и министерствэмрэ Егъэджэныгъэмрэщlэныгъэмрэ я лэжьакlуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетымрэ зэщыкlуагъ гъэкъэ ирагъэкlуэкl «Илъэсым и егъэджакlуэ» республикэ зэпеуэр. Абы щытекlуаxэм ящыщу 8-м нэгъабэ ятэ дыдэу федеральнэ бюджетым къыхэкlыу дэтхэнэми ком мин 200, республикэ бюджетым къыхэкlыу егъэджакlуэ 15-м сом мин 50-м щегъэжьауэ сом мини 100-м нэс (псори зэхэту сом 1 мелуан) иратащ.

Республикэм и район щхьэхуэхэм Iэщlагъэлl ныбжьыщlэхэм зэ тыгъуэу сом мини 5-кlэ щыдоlэпыкъу, мазэ къэабыхэм я улахуэм сом мини 3 хущlагъу (Прохладнэ, Тэрч, Бахьсэн районхэм).

КБР-м Егъэджэныгъэмрэщlэныгъэмкlэ и министерствэм зэхиlьхьэрэ кьищтащ егъэджэныгъэмкlэ къэралъ, муниципальнэ Iуэхущlапlэхэм я егъэджакlуэхэмрэ уиафэщlхэмрэ я аттестацlэ зэрыраго гъэкlуэкl, абыхэм зыхуэфащэ категориехэр щраткlэ я лэжьэкlэр кьуэзэрапщlэ щыкlэхэр. Абыхэм ябгъ иткlэ, 2010 гъэм республикэм и егъэджакlуэ, школхэм я унафэщlу 1569-м категорие нэхъыщхьэ, ябгъ категорие иратащ. Зыхущlэкъу категориехэм я зэфlэкlыр нэмысу къалытащ цыхуэ 91-м.

Министрым жиlам щытепсэльыхьым, депутатхэм къыхагъэщхьэхукlащ егъэджэныгъэм и Iэнатlэм и лэжьакlуэхэр зэрагъэхьэзырыр егъэфlэкlуэным пыщlа гугъуехь щхьэхуэхэр. Кьаращтэмэ, университетхэм я программэхэр нэхъ зытеухуар егъэджакlуэ хьуну зыгъэгъахьэзырхэм щlэныгъэ куу етынырщ, педагог Iэщlагъэм хуэгъэзэныр а Iуэхум и гуэдзэну аращ. Хабзэ зэрыхьуащи, егъэджакlуэ Iэщlагъэм хуеджэну Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щlэтlысхьэхэр школхэр нэхъыфl дыдэу къэзыухахэм ящыщу пхужьыпэкъым. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр

Щхьэгъэпсо Сэфарбий

Хабзэфlыр кърагъэжьжыну я мурадщ

кlуэжьэ школхэм щылэжьэн папщlэ Iэщlагъэлlэхэр кьыдахьэхыну властым и муниципальнэ органхэм зэфlэкl зэрамыльэщ.

Iуэхум пыщlа къыкlэлыкlуэ гугъуехьщ егъэджакlуэхэр зэрагъэхьэзыр щlыкlэм хэль ныкъуасныгъэхэр. Иужьрей илъэситхум кьриуфыщауэ Егъэджэныгъэмрэщlэныгъэмкlэ министерствэм иригъэкlуэкlа къапщытэ- ныгъэхэм кьызэрагъэлъэгъуамкlэ, иджырей школым щылэжьэн папщlэ зыхуэфащэ методикэ зэфlэкl, гупсысэкlэ, педагогическэ Iэзагъ егъэджакlуэ ныбжьыщlэхэм ябгъэдэлъхьыжьыкlэ. Щlэныгъэ нэхъыщхьэ зэзэгъэгъуэтахэм щlагъуэу хащlыкlыркъым иджырей информацэ, коммуникацэ технологиехэм.

Гугъуехьхэм ящыщу егъэджакlуэхэм я щlэныгъэмрэ Iэщlагъэмрэ хэгъэхьуэнымкlэ Iэнатlэм хэль ныкъуасныгъэхэр. Арикlэщlипlэкlэ къэгъэщlэрэщlэжьын хуейщ. А Iуэхум и гъэтlысхьэхэр щыкlуэ нэхъыфl дыдэу къэзыухахэм ящыщу пхужьыпэкъым. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр

Iэнэгъэщlкъэралэм щыщ лэжьакlуэхэр кьешэлlэныжьмрэ къэгъэсэбэныжьмрэ яныщlа Iуэхуэхъмкlэ ведомствэхэм зэдай комиссэм хэтхэм ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм мазаем и 28-м *№48-IIII*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещl**:

1. Нэгъэущlкъэралхэм щыщ лэжьакlуэхэр кьешэлlэныжьмрэ къэгъэсэбэныжьмрэ яныщlа Iуэхуэхъмкlэ ведомствэхэм зэдай комиссэм хэтхэм щыщу, мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Кьару имыIэжу кьэлытын «Нэгъэущlкъэралхэм щыщ лэжьакlуэхэр кьешэлlэныжьмрэ къэгъэсэбэныжьмрэ яныщlа Iуэхуэхъмкlэ ведомствэхэм зэдай комиссэм хэтхэм ятеухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм мэлыжьыхьым и 16-м къыдигъэкlа Унафэ №97-ППМ и пункт 2-м Комиссэм хэтхэр кьащтэнэ теухуа и Iыхьэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщlым и кьалэнхэр зыгъэзащlэ

АБРЭДЖ Iэдиб

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм мазаем и 28-м къыдигъэкlа Унафэ №48-IIII-мкlэ кьыщтащ

Нэгъэущlкъэралхэм щыщ лэжьакlуэхэр кьешэлlэныжьмрэ къэгъэсэбэныжьмрэ яныщlа Iуэхуэхъмкlэ ведомствэхэм зэдай комиссэм

хэтхэр

Гертер И. К. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщlым и кьуэдзэр *(комиссэм и унафэщlу)*

Мусуков А. ТI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкlэ и министрыр *(комиссэм и унафэщlым и кьуэдзэщ)*

Гъащтэ А. А. - Кьэрал статистикэмкlэ федеральнэ кьулыкъущlапlэм и щlыналъэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщlыр *(эзгъыIуауэ)*

Къуэдокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щlыхуэхэр лжьаIэкlэ кьыузэгъэпщынымкlэ и кьэрал комитетым и унафэщlыр

Мэремкъуэ А. Н. - Лжьыгъэмкlэ кьэрал инспекцIуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщlыр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лжьыгъэмкlэ и кьэрал инспектор нэхъыщхьэр *(эзгъыIуауэ)*

Сокъур О. Хь. - Iэпхъуэщапхъуэхэм я Iуэхуэхмкlэ федеральнэ кьулыкъущlапlэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщlыр *(комиссэм жуаг зыхь и секретарщ, эзгъыIуауэ)*

Соловьев Н. Г. - Урысей Федерацэм Наркотикхэр зэрызэблагъэкlым кlэлыплъныныжьмкlэ и федеральнэ кьулыкъущlапlэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщlым и кьуэдзэр *(эзгъыIуауэ)*

Тхьэгъэзит Хь. А. - Кьэрал кlуэцlI Iуэхуэхмкlэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм жылагъуэ шынагъэншагъэмкlэ и милицэм и унафэщlым и кьалэнхэр пlалъэкlэ зыгъэзащlэр *(эзгъыIуауэ)*

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкlэ и министрыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм мазаем и 24-м *№67-рп*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щlыналъэм автомашинэхэм гъэсыныпхъэ щрагъахьуэ станцэр щыхэгъэщэныжьмкlэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм фокlадэм и 18-м къыдигъэкlа Унафэ №436-рп-мкlэ кьыщтам, мы кьыкlэлъыкlуэ зэхъуэжьныгъэхэр хэльхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн мы кьыкlэлъыкlуэхэр:

Уэздж Ж. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Тарифхэмкlэ и кьэрал комитетым и унафэщlыр *(комиссэм и унафэщlу)*

Белецкая О. В - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкlэ и министрым и кьуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкlэ и министерствэм социально-экономикэ зэхъуэжьныгъэхэмкlэ и департаментым и унафэщlыр

Камарзаев Э. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Iуэхущlапlэхэм и кьэрал комитетым и кьудамэм и унафэщlыр

Уэнаев Т. К. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кьэрал мылъкур зехьэныжьэ щlы Iуэхуэхмкlэ и министрым и кьуэдзэр;

б) Комиссэм кьыхэгъэкlыжьын Абрэдж I. Хь., Бозиев М. Б., Кулиев М. А. сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщlым и кьалэнхэр зыгъэзащlэ

АБРЭДЖ Iэдиб

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм гъатхэпэм и 4-м *№94-рп*

Художник Кlыпп Мухьэмэд и фэеплыр гъэлъэпIэным хуэунэтIа лжьыгъэхэр егъэкlуэкlын мурадкlэ:

1. Художник Кlыпп Мухьэмэд и фэеплыр гъэлъэпIэным хуэунэтIа лжьыгъэхэм захуэгъэхьэзырыныжьмрэ ахэр егъэкlуэкlыныжьмкlэ кьыузгъэпэщакlуэ комитетым хэтхэр кьащтэн, мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкlэ и министерствэм хуэгъэувын а лжьыгъэхэр иригъэкlуэкlын папщlэ 2011 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым «2009 - 2012 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэм зегъэуэжьыныр» республикэ программэ хэхар гъэзэщlэным щыхухуаха ахъшэм щыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм сом мин 615-р хуиутIыпщлыну.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащlэм кlэлыплъыну и пщэ ильхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщlым и кьуэдзэ Сэхъурокъуэ Хь. Хь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщlым

МЕРКУЛОВ Александр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм гъатхэпэм и 4-м къыдигъэкlа Унафэ №94-рп-мкlэ кьыщтащ

Художник Кlыпп Мухьэмэд и фэеплыр гъэлъэпIэным хуэунэтIа лжьыгъэхэм захуэгъэхьэзырыныжьмрэ ахэр егъэкlуэкlыныжьмкlэ кьыузгъэпэщакlуэ комитетым

хэтхэр

Сэхъурокъуэ Хь. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщlым и кьуэдзэр *(кьыузгъэпэщакlуэ комитетым и унафэщlу)*

Фыдз Р. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкlэ и министрыр *(кьыузгъэпэщакlуэ комитетым и унафэщlым и кьуэдзэщ)*

Взрокъуэ В. Хь. - Щэнхабзэмкlэ урысей фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и тхьэмадэр *(эзгъыIуауэ)*

Кумыкан Хь. М. - Балъкъэр муниципальнэ районым и Кlулъкъуэжьын Ищхъэрэ къуажэ жылагъуэм и щlыпIэ администрацIм и Iэтащхэр *(эзгъыIуауэ)*

Рахаев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкlэ и комитетым и унафэщlыр *(эзгъыIуауэ)*

Сыжажэ Хь. Л.- Бахьсэн муниципальнэ районым и щlыпIэ администрацIм и Iэтащхэм и кьалэнхэр зыгъэзащlэр *(эзгъыIуауэ)*

Сындыку Н. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Художникхэм я союзу «Урысейм и Художникхэм я союз» урысейпсо творческэ зэгъэхьэныгъэм хьыхьэм и техьэдэр *(эзгъыIуауэ).*

Терроризм пэщlэтынымкlэ лэжьыгъэр КъБР-м и Щlэжьэм куейм хьхьэ Щlхьэльмыкъуэ къуажэм щрагъэкIуэкIым ящlа боевикхэр хэтми яубзыхуауэ, Ахэр террор щlэпхъаджагъэ хьэльхэр зрагъэжьым кьыхэкlыу кьэралым кьыщагъэхьхьуэ 1984 гъэм кьалъхуа Гъндыгиру Дсльэн, 1985 гъэм кьалъхуа Балъкъыз Зуриг, апхуэдэуи бандэ гупым я дэIэпыкъуэгъу 1988 гъэм кьалъхуа КIэрэф Асльэн сымэщ.

БОЕВИКХЭМ зыщагъэпщкlу уней льапсэм Iэщlэрэ Iэщэ Iэмэпсымэ куэд кьыщагъуэтащ: Стечкиным и АПС, мм 9 калибр щэ 24-кlэ уэздауэ; АК-74, зы шалъэ нэщ щыгъуэ, щапхъэфIыр адрейхэми гъуазэ яхуэхъуну.

Мы тыкуэнхэм псапащlэ Iуэхур щрагъэкlуэкlынущ гъэ дыдзэрытым и нэкъуащ- гъуэм нэсыну. Дыгугъэмщ щапхъэфIыр адрейхэми гъуазэ яхуэхъуну.

ШУРДЫМ Мадинэ.

Уасэ зэгъым тращIыхь

АБы кьыХ эКIыу, «Урысей зэкъуэт» партым и нубзыкуэ щыта «Щыхубэ кlэлыплъныныгъэ» проектым тету зи гугъу тщlы партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ къудамэм иджыблагъэ жэрдэм кьыхилъхьащ ерыскьы щащэ тыкуэнхэм я унафэщlхэм захуигъэзэну зи ныбжь хэкlуэта цыхуэхэм, зыхуэзфIэмыкIыжхэм папщlэ ерыскьыхэкlэр нэхъ пуду щащэ «социальнэ дапхъэхэр» кьыузрагъэпэщыну.

Апхуэдэ пЭуам псом япэ кьыпэджжажэм ящыщщ хьэрычэтыщlэ Iлуп Асльэн, Абы Налшык дэт и «Симба» тыкуэнхэм гъавэжэкlерыскьыхэкlэр пенсэ кlуахэм пуду щращэ кьыузэгъэпэщакlэр ящыщщ. ИкIи къаlэм и щlыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыIэ «Симба» тыкуэнхэм зи гугъу тщlы цыхуэхэр тхьэмахуэм кьрнубыдэу зэ щыхьэт тхьлъ яIыгъыу Iухьэ зэчунущ. Абдежьым абыхэм уасэм трамвайкlэжауэ, фошыгъу, хугу, прунж, хьэжьигъэ, дагъэ, тхъуий, нэгъуэщI ерыскьыхэкlэхэр кьыщащэкъфынущ.

ШУРДЫМ Мадинэ.

Псори дышыгъуаззщ нтьэс блэкlар уэгъуу зэрыщытам и зэранкlэ ерыскьыхэкlхэм я уасэхэр зэрыдзуеуам.

«Урысей зэкъуэт» партым и тхьэмадэ Путин В. В. и щlыналъэ жылагъуэ Iуэхущlапlэм (Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 48. Телефоныр - 77-00-40) 2011 гъэм и гъатхэпэм щахуэзэнухэр

	И унэцlэр, и цlэр, и адрэцlэр	Щылажьэ щыпIэр, и кьулыкъыр	Цlыухуэм щаIуцlэну махуэр	Щаlуцlэну зэманыр
1.	Балэ Асльэнрий Мухьэмэд и кьуэр Беслъэней Асльэн Зулымбий и кьуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ щlыпIэ самоуправленэм и Налшык къалэ советым и депутатщ	2011 гъэм гъатхэпэм и 14-м	Сыхьэти 10.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 13.00-м нэсыху Сыхьэт 14.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 17.00-м нэсыху
2.	Иуан Фатимэ Залымджэрий и пхъур Хочуев Алий Таукъан и кьуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ щlыпIэ самоуправленэм и Налшык къалэ советым и депутатщ	2011 гъэм гъатхэпэм и 15-м	Сыхьэти 10.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 13.00-м нэсыху Сыхьэт 14.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 17.00-м нэсыху
3.	Щоджэн Николай Забит и кьуэр Былымгуэт Юрэ Хьусен и кьуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ щlыпIэ самоуправленэм и Налшык къалэ советым и депутатщ	2011 гъэм гъатхэпэм и 16-м	Сыхьэти 10.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 13.00-м нэсыху Сыхьэт 14.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 17.00-м нэсыху
4.	Смирновэ Татьянэ Иван и пхъур Шумахуэ Руслан Владимир и кьуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ щlыпIэ самоуправленэм и Налшык къалэ советым и депутатщ	2011 гъэм гъатхэпэм и 21-м	Сыхьэти 10.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 13.00-м нэсыху Сыхьэт 14.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 17.00-м нэсыху
5.	Кьардэн Хьусен Фузел и кьуэр Хан Олег Юрэ и кьуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ щlыналъэ политсоветым хэтщ	2011 гъэм гъатхэпэм и 22-м	Сыхьэти 10.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 13.00-м нэсыху Сыхьэт 14.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 17.00-м нэсыху
6.	Дядченкэ Владислав Григорий и кьуэр Коротких Ольгэ Алексей и пхъур	щlыналъэ политсоветым хэтщ щlыпIэ самоуправленэм и Налшык къалэ советым и депутатщ	2011 гъэм гъатхэпэм и 23-м	Сыхьэти 10.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 13.00-м нэсыху Сыхьэт 14.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 17.00-м нэсыху
7.	Бщтрэч СультIан Хьэбас и кьуэр Казаковэ Зухра Магомет и пхъур	КъБР-м и Парламентым и депутатщ щlыпIэ самоуправленэм и Налшык къалэ советым и депутатщ	2011 гъэм гъатхэпэм и 28-м	Сыхьэти 10.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 13.00-м нэсыху Сыхьэт 14.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 17.00-м нэсыху
8.	Саенкэ Татьянэ Виктор и пхъур Быф Заур Жэмал и кьуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ КъБР-м и Парламентым и депутатщ	2011 гъэм гъатхэпэм и 29-м	Сыхьэти 10.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 13.00-м нэсыху Сыхьэт 14.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 17.00-м нэсыху
9.	Iэпщэ Заур Борис и кьуэр Гелястанов Муслим Ахьмэт и кьуэр	КъБР-м и Парламентым и депутатщ щlыпIэ самоуправленэм и Налшык къалэ советым и депутатщ	2011 гъэм гъатхэпэм и 30-м	Сыхьэти 10.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 13.00-м нэсыху Сыхьэт 14.00-м щегъэжьауэ сыхьэт 17.00-м нэсыху

● Футбол

«Жемчужина-Сочи»-р гуIэфIтещIэжу

Урысей Федерацэм футболымкlэ и премьер-лигэм 2011 - 2012 гъэхэм щекIуэкlыну зэхъэзэхуэм зыхуэзыгъэхьэзыра «Спартак - Налшык» вэсэмахуэ Тыркум кьикlыжащ.

КъЕжьЭжьНЫМ и пэкъихуэу налшыкдэсхэм «Жемужина-Сочи» командэм зэныбжьыкlэгъуэгъэ зэIуIэ драгъэкIуэкIащ. Ди щlалэхэм я хьэрхуэрэгъуэхэм мы гъэм кьаlэныхуэхэр зыхуагъэувыжащ икIи икIэщIыпIэкIэ премьер-лигэм хьыхьэжьну загъэхьэзыр. Абы папщIэ тренер лъэщ Черчесов Станислав ирагъэблагъэщ, футболистыфI зыбжани зыхагъэхьащ, ди лъэпкъэгъу Джатэрывэ Къазбэчи яхэту.

ЗэIуцIэр хуабжьу удэзыхьэхуну екIуэкIащ. Абы щытекIуэнуэр зэхэзыгъэкIар зы топ закъуэщ - 75-нэ дакъикъэм Бырхьэм Къантемир «Локомотив»-м и гъащхьэтету нэгъабэ щыта Чех Марек ефIэкIащ.

Мы зэIуцIэм кьрагъэхьахэраУэ кьыщIэкIынущ премьер-лигэм и пэщIэдзэ джагуГуэхэм «Спартак-Налшыкым» и тренерхэм нэхъ зытращIыхьынур: Фредриксон, Багаев, Джудович, Овсиенкэ, Иванович (Луканченков, 70), Концедалов, Захарович, Сирадзе (Бырхьэм, 46), Щаницын (Леандру, 55); Портнягин (Пилипчук, 60), Милич, (Къажэр, 76).

Хьэлэмэтщ «Жемчужина-Сочи»-м хэтахэри зэбгъэщIэну. Абыхэм я нэхъыбэр нэхъапэм премьер-дигэм щыджэгуащ: Чех, Ревякин, Вьештицэ, Васянович, Ридель, Зотов, Джатэрывэ (Ковальчук, 70), Рикарду (Деменкэ, 46), Бояринцев, Рухана (Белоусов, 68), Пападопулос (Рыжков, 59).

Аращи, зыгъэзэныгъэхэр зэфIэкIащ. АдэкIэ ди щlалэхэм зэхъэзэхуэ гуащIэ къащыпоплъэ. Дыщогугъ абы фIы куэд кьытхуэдэкIуэну.

ХЬэТАУИслъам.

● Iэщlагъэлlэм и чэнджэщ

Хьэзырщ ядэIэпыкъуну

«АПК-м зегъэужьыну» гъэпкъ проектым зэрыщыубзыхуам тету, Iэщ гъэхъунри хьыхьэу, мэкъумэщ Iэнатlэр кьэlэтыжьыным хуэунэтIауэ ди республикэм Iуэхугъуэ щыIэхыкIаxэр щызэфIагъэкI. Абыхэм я фIыгъэкlэ, хьушэр зэтоувэж. Iэщхэкlыу кьалэжьым, хьэру кьыпаxыр хохьэ. А зэрарадым папщlэ, Урысей Федерацэм и нэгъуэщI щыпIэхэм былым лъэпкъыфIхэр кьыщащэу.

КЪЫХЭГъЭщЫпХЭщ, зыхуэдэ Iэнатlэм емыльытауэ, Iэщ гъэхъуным хъарзынэу зезыгъэжь мэкъумэщ хущlэствэ щхьэхуэхэр дызэриIэр. Былымрэ джэдхэзу зэрахьэм, гъэшрэ лыуэ кьалэжьым хагъэхьэн папщlэ, УФ-м и адрей щlыпIэхэм Iэщlэр кьыщрашкlэ ветеринарием и хабзэхэм кьигъэувэхэр зэрагъэзащlэм куэд иныгъщ. Хьушэхэр узынщэ щ, щыхуэхэри, езы псэущхьэхэри узыфэхэм ящыхьыма хуэнущ. Ар зрагъэхьуIэн щхьэкlэ, Iэщ зезыхуэ Iэнатlэ хэмрэ ветеринар Iуэхущlапlэ хэмрэ зэуIуу зэдэлэжьэн хуейщ.

Урысей Федерацэм, Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щlыналъэхэри хьыхьэу, узыфэ зэрыщlалэ гъэтIылъахэр - псом хуэмыдэу, бруцеллезыр, туберкулезыр, лейкозыр - щыетащ. Былым сымаджэхэр республикэм кьрамышэн щхьэкlэ, я кьащхьэнным пщlа пэжьыгъэ псори ветеринар Iэнатlэм я нэIэ тету кьызэрагъэпэщыпхъэщ. Iэщхэр кьызэращхъу, зэрагъэIэпхъуэ щыкlэр УФ-м Мэкъумэщ хозяйствэмкlэ и министерствэм кьищта ветеринар-санитар хабзэхэм щыгъэбелджылащ. Былымыр кьашэн и пэ кьихуэу абыкlэ хуит зыщlэ ветеринар Iуэхущlапlэм Iэмал имыIэу зыхуагъэзэн хуейщ. Iэщlыр кьыщащэжу хозяйствэм ахэр мазэкlэ щхьэхуэу щаIыгъпхъэщ. А пIалъэм кьрнубыдэу диагностикэ кьэпщытэныгъэ хэр ирагъэкlуэкI, уз зэрыщlалъэхэм ящыхьыхуэм хуэхьуэхэр ирахьэлэ. Апхуэдэу республикэм кьаша нэужь, ветеринарием и хабзэхэм кьызэрагъэувым хуэдэу, диагностикэ кьэпщытэныгъэ Iуэхугъуэ псори быныным иращlэкlын хуейщ.

Ди щlыналъэм бруцеллезыр щызокlуэ. Абы кьыхэкlыу, а узым зэрыпэщlэт вакцинэр зрахьэлIа Iэщlыр кьащхъумэ нэхъ тэмэщ. Кьызрадрашну щlыпIэм ар щамыгъэзащlэмэ, жэмыщIэ псэфхэр узынщхэр зэтеуэжьын, Iэщ гъэхъуным зыужьыжьын папщIэ, абы и пэныкъуэкlэ щыIэ ветеринар-санитар хабзэхэм кьагъувэжр дгъэзэщlэн хуейщ. Урысейм Мэкъумэщ Iуэхущlапlэхэм я Iуэхущlапlэм и щlыналъэ кьудамэм и Iэщlагъэлlэхэр хьэзырщ Iэщхэкlэм я щlынагъэншагъэ кьызэрагъэпэщыным теухуа чэнджэщэмкlэ зыкъыдигъэкъуну.

Ди хэщlапlэр: Налшык къалэ, Калюжнэм и цlэкlэ щыIэ уэрамым тет 8-нэ унэ. Телефонхэр: 77-33-90; 77-40-03.

ЖАНИКАЕВ Суфьян.

Урысейм Мэкъумэщ кlэлыплъныныгъэмкlэ и Iуэхущlапlэм и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэм къэрал ветеринар кlэлыплъныныгъэмкlэ и кьудамэм и унафэщlу.

«Ажалыр щащэр кьыджефIэ»

● Гу зытыгъапхъэ

Гъатхэпэм и 10 - 18-хэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкlуэкI «Ажалыр щащэр кьыджефIэ» урысейпсо лэжьыгъэ.

ЩIэПХЪАДЖАГЪэ ялэ жьыну зэрызагъэхьэзырыем и гъэзэжьам теухуауэ хьыбар евгъащlэ, наркотикхэм ятхьэжьауэ гъэхьужьыным, щыкlуэр наркотикхэм емыгъэтхьэкlуным теухуауэ фIыщIэупщlэ хьунущ мы кьыкlэлъыкlуэ телефонхэмкlэ:

Урысейм Наркотикхэр зэрызэблагъэкlым кlэлыплъныныжьмкlэ и федеральнэ кьулыкъущlапlэм и Управленэу КъБР-м щыIэм - (8662) 49-21-05, 8-800-100-70-77 (Урысейм и дэтхэнэ щыIэпэми пщlэнэзу укъипсэлъыкl хьунущ);

КъБР-м щlалэгъуэлэм я Iуэхуэхмэ щылагъуэ зэгухьэныгъэхэм яIэлэжьэныжьмкlэ и министерствэм - 8(8662) 77-84-24;

КъБР-м щыIэ МВД-м - 8(8662) 49-52-23;

ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм - 8(8662) 48-15-81, факсыр 48-17-09;

Тезырхэр егъэщlыныныжьмкlэ федеральнэ кьулыкъущlапlэм и Управленэу КъБР-м щыIэм - 8(8662) 91-52-64;

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министерствэм - 8(8662) 47-23-46;

КъБР-м Узынщагъэр хьэмэныжьмкlэ и министерствэм - 8(8662) 44-17-83.

КъБР-м и Оперативнэ штабым къет

Ярыгиным и кlэрахьуэ, щэ 16 иныгъ, къищынэмыщlауэ ахъшэ куэд.

ПщIантIэм дэт псэуалъэхэм ящыщ зым и щlэныгъэ къагъуэгъуэ ikIи адбежьым къыщагъэуащ.

КъБР-м и Оперативнэ штабым бандэ гупым щыщхэмрэ абыхэм я щIэгъэжьхуэнэмрэ я хэщIапIэм теухуа хьыбар хабзэхъумэ зыкъыдигъэкIуну.

Терроризм пэщlэтынымкlэ лэжьыгъэр КъБР-м и Щlэжьэм куейм хьхьэ Щlхьэльмыкъуэ къуажэм щрагъэкIуэкIым ящlа боевикхэр хэтми яубзыхуауэ, Ахэр террор щlэпхъаджагъэ хьэльхэр зрагъэжьым кьыхэкlыу кьэралым кьыщагъэхьхьуэ 1984 гъэм кьалъхуа Гъндыгиру Дсльэн, 1985 гъэм кьалъхуа Балъкъыз Зуриг, апхуэдэуи бандэ гупым я дэIэпыкъуэгъу 1988 гъэм кьалъхуа КIэрэф Асльэн сымэщ.

БОЕВИКХЭМ зыщагъэпщкlу уней льапсэм Iэщlэрэ Iэщэ Iэмэпсымэ куэд кьыщагъуэтащ: Стечкиным и АПС, мм 9 калибр щэ 24-кlэ уэздауэ; АК-74, зы шалъэ нэщ щыгъуэ, щапхъэфIыр адрейхэми гъуазэ яхуэхъуну.

Мы тыкуэнхэм псапащlэ Iуэхур щрагъэкlуэкlынущ гъэ дыдзэрытым и нэкъуащ- гъуэм нэсыну. Дыгугъэмщ щапхъэфIыр адрейхэми гъуазэ яхуэхъуну.

ШУРДЫМ Мадинэ.